



## Depatman *Extended Learning* Manyèl pou Paran/Responsab

### **FILOZOFI APRANTISAJ PWOLONJE**

Objektif Depatman *Extended Learning* nan se fasilite opòtinite pou bonjan pwogram gadri apre lekòl ki satisfè bezwen fondamantal komen pou tout elèv pandan lè apre lekòl yo. Li enpòtan pou elèv yo genyen aksè nan mayè opòtinite posib pou devlope nan sante, byennèt epi vin yon adilt responsab.

### **ENSKRIPSYON**

Timoun yo dwe genyen laj elèv pou lekòl elemantè, (enkli timoun k ap antre nan jadendanfan ak elèv k ap fini 5<sup>yèm</sup> ane) pou yo kapab patisipe nan kandete. Tout paran yo dwe soumèt yon demann kontra kandete nan *Eleyo*. Depi w fin kreye demann kontra a, ou pral resevwa yon imèl pou fè w konnen demann kontra w la ap tann apwobasyon estaf yo epi yo pral revize l nan lòd yo te resevwa l. Anplis yon kontra yo apwouve nan *Eleyo*, genyen yon frè enskripsyon pou peye swa sou entènèt nan *Eleyo* oswa an pèsòn pou w kapab kenbe yon plas nan pwogram nan. Frè enskripsyon an pa ranbousab apre 19 me 2025. Yo PAP KAPAB enskri patisipan yo nan pwogram kandete a si yo dwe Distri a yon balans.

Pou enskripsyon elèv ki pa nan Distri a ak sa ki pa nan eta a, yo egzije dokiman sa yo pou enskripsyon: batistè orijinal, prèv vaksinasyon ak prèv egzamen medikal.

Y ap enskri aplikan yo sou baz premye ki vini se premye y ap sèvi.

### **ORÈ KANDETE A**

Pou dat espesifik ak lè fonksyonman chak jou, kontakte direktè/tris sit kandete a. Enfòmasyon sa a pral vizib tou lè w ap ranpli demann kontra kandete a nan *Eleyo*.

### **RÈGLEMAN SOU PEMAN AK FRÈ POU VIN CHÈCHE ELÈV ANRETA**

Paran/responsab yo gen responsablite pou peye pou tout semèn pitit yo te enskri, kelkeswa li te prezan oswa absan. Pou ede ak planifikasyon bidjè, fanmi yo kapab chwazi pou peye tout frè pou ete a yonsèl fwa paman, oswa peye pou chak mwa separeman:

- Frè mwa jen: delè avan oswa 16 me 2025
- Frè mwa jiyè: delè avan oswa 13 jen 2025

Si w pa fè paman pou semèn yo pitit ou a te enskri pou li yo, kelkeswa li te prezan oswa absan, pral lakòz yo mete nan Sistèm Enfòmasyon pou Elèv la (ann anglè SIS) yon frè elèv la dwe peye. Yo pap fè okenn ajisteman pou absans.

Pifò sit yo aksepte paman sou entènèt sèlman. Pou sit ki aksepte paman an pèsòn, yo dwe fè sa anvan oswa 30 me 2025. Yo pral aksepte paman sou Entènèt jiska 13 jen 2025. Si yo peye kach oswa “*money order*”, yo dwe ba w yon resi imedyatman.

### **MONTAN/FRÈ POU PEMAN AN**

Pou chak minit yon paran/responsab anreta pou vin chèche pitit li a (yo), y ap chaje l yon frè \$1.00. Vin chèche anreta plizyè fwa kapab lakoz yo mete patisipan an deyò nan pwogram kandete a. Yo mete anba a yon egzanzp entèval tan yo chaje pou reta ki se \$1.00 pa minit: 6:00p.m-6:15 p.m., elèv yo vin chèche a 6:15 ap genyen pou peye yon frè \$15 dola pou reta.

### **PWOSEDI POU LÈ ELÈV RIVE /LAGE**

Paran/responsab/moun yo otorize yo dwe mennen timoun k ap patisipe nan kan an (yo) pitit yo nan zòn ki deziye nan lekòl la pou tcheke, epi itilize *app Eleyo* pou prezans/absans pou siyen patisipan (yo) lè yo vini ak lè y ap ale nan itilize non legal konplè yo. Tout timoun k ap patisipe nan kan an dwe rive nan lè direktè/tris sit kandete a bay la. Tanpri, enfòmè responsab pwogram kandete a pou nenpòt absans.

Se sèlman moun ki otorize jan sa endike nan *Eleyo* ki kapab vin chèche timoun nan. Pou rezon sekirite, apèl nan telefòn paran/responsab yo pa adekwat pou kite elèv la ale. Moun ki otorize yo dwe genyen 18 an oswa plis epi

yo dwe genyen yon kat idantifikasyon ak foto pou yo montre dirijan kandete a chak jou lè y ap remèt li elèv la. Yon paran/responsab dwe ranpli fòm Pèmisyon pou Minè vin chèche elèv la (*Under Age Pick Up Permission Slip*, PBSO 2502) si y ap voye yon minè ki gen mwens pase dizwit an vin chèche pitit yo. Minè sa yo dwe montre yon pyès idantifikasyon ak foto ki valid pou yo kapab vin chèche elèv la.

**Amwenske genyen yon òdonans espesifik Eta Florid (okenn lòt eta pa valab) ki nan dosye pwogram kandete a, yo kapab remèt yon elèv bay paran ki pa responsab legal la si li nan fòm enskripsyon elèv la. Paran/responsab yo genyen responsablite pou kenbe enfòmasyon konsènan moun ki otorize yo ak òdonans sou dwa paran ajou. Yo dwe rezoud pwoblèm òdonans andeyò sant lekòl la.**

Konpòtman ki pa apwopriye nan men moun k ap vin chèche yon elèv, ki enkli ladan menas, langaj ostil pral lakòz paran/responsab yo oblije fè lòt aranjman pou vin chèche elèv yo, oswa sispann sèvis apre lekòl pou pitit yo.

**Pou rezon sekirite, yo p ap resevwa ni remèt timoun ki nan kan yo bay okenn moun nan yon lokal pwomnad san otorizasyon alavans Direktè/tris lekòl la. Si yon paran/responsab mande pou mennen pitit li nan lokal pwomnad la oswa pou retounen ak pitit li soti nan yon pwomnad, se nan diskresyon direktè/tris lekòl la, baze sou faktè sekirite ak entèripsyon epi lokal pwomnad la (yo), si wi ou non li dakò ak demann paran/responsab la. Depi yo bay pèmisyon an, se pou paran/responsab la siyen epi aksepte kondisyon ki nan fòm konsantman ak otorizasyon Distri Lekòl la, jan sa endike nan Konsantman ak Otorizasyon pou Pwomnad Elèv Pou Lòt mwayen Transpò ki pa sa Lekòl Bay (PBSO 2360). Se menm moun ki te siyen Otorizasyon pou Pwomnad orijinal la (PBSO 0755) ki dwe siyen Fòm sa a.**

### **REPA AK KOLASYON (TI GOUTE)**

Y ap bay elèv k ap patisipe nan kan yo de (2) kolasyon (ti goute) nitritif chak jou. Tanpri, gade tablo Enfòmasyon pou Paran an pou yon meni kolasyon (ti goute) konplè, pou diskite sou nenpòt pwoblèm alèji avèk direktè/tris kan apre lekòl la. Yo p ap ranbouse lajan repa oswa kolasyon (ti goute).

### **KONDISYON POU ABIMAN**

Elèv k ap patisipe nan kan yo dwe mete mayo kan an pandan tout pwomnad yo. Sa enkli mete mayo sou yon kostimdeben yonsèl pyès nan dlo a pandan tout aktivite yo nan dlo yo. Soulye fèmèn devan obligatwa pou sekirite tout elèv yo ki nan kan an.

### **GID POU KONPÒTMAN NAN KANDETE**

Elèv nan kan yo ap patisipe nan preparasyon règleman pou gwoup yo. Yo ankouraje elèv k ap patisipe nan kan yo pou fè chwa ki responsab epi y ap rekonpanse yo pou konpòtman apwopriye. Menmjan an tou, elèv k ap patisipe nan kan yo pral resevwa konsekans lojik lè rezilta desizyon yo pa apwopriye. Espwa nou se fòm timoun ki pran responsablite pou aksyon yo epi ki genyen kapasite pou chwazi pi bon konpòtman an. Ofans ki pi grav yo ap genyen kòm konsekans yon Rapò sou Konpòtman nan Pwogram Apre Lekòl. (Afterschool Behavior Report). Resevwa Twa Rapò sou Konpòtman nan Pwogram Apre Lekòl pandan kandete a kapab lakoz yo mete yon elèv deyò nan pwogram nan. Si pitit ou a enplike nan nenpòt konfwontasyon fizik, epi yo jije ki danjere pou limenm oswa lòt moun, y ap mete elèv la deyò imedyatman nan pwogram nan.

### **PWOSEDI POU SWEN SANTE**

Yo ta dwe avèti paran oswa responsab yo imedyatman si elèv k ap patisipe nan kan an malad oswa blese, espesyalman blese nan tèt. Si yo pa kapab jwenn paran oswa moun yo deziye nan ka ta genyen yon ijans, maladi grav, oswa blese, estaf kan apre lekòl la pral kontakte moun yo deziye nan fòm enskripsyon elèv k ap patisipe nan kan an. Y ap bezwen vin chèche timoun nan imedyatman. Si yo pa kapab jwenn moun sa yo ki deziye yo oswa yo pa rive lekòl nan moman yo dwe transpòte elèv nan anbilans pou ale lopital, yon manm estaf kan apre lekòl la dwe akonpaye elèv la kap patisipe nan kan an pou ale lopital.

Estaf pwogram kan yo pa kapab jere okenn tip medikaman amwenske genyen yon fòm otorizasyon medikal yon paran ak doktè a siyen ki nan dosye biwo pwogram kandete a. Yo pa otorize elèv k ap patisipe nan kan yo

genyen okenn medikaman sou yo nan okenn moman eksepte vaporizatè pou opresyon oswa Epi-Pen avèk otorizasyon doktè oswa medikaman pou soulaje tèt fè mal pandan yo nan lekòl la oswa nan yon evènman oswa aktivite lekòl la patwone san yon nòt oswa preskripsyon doktè. *Food and Drug Administration (FDA)* Etazini dwe kontwole izaj medikaman san preskripsyon an pou trete tèt fè mal.

Nenpòt timoun, estaf gadri oswa lòt moun nan pwogram kan apre lekòl la yo sispèk ki ta gripe oswa genyen nenpòt maladi kontajye, y ap retire l nan pwogram nan oswa mete li yon kote izole jiskaske yo vin chèche l. Moun konsa pa kapab retounen san yon otorizasyon medikal, oswa jiskaske siy ak sentòm maladi a pa prezan ankò.

**Nimewo telefòn kontak pou tout moun ki otorize pou vin chèche timoun k ap patisipe nan kan yo dwe ajou nan dosye yo. Yon moun ki otorize ta dwe disponib pou vin chèche elèv la chak jou li vin nan kan an.**

### **ATIK KI OBLIGATWA**

Chak timoun k ap patisipe nan kan an bezwen bagay sa yo yon fason regilye chak jou: mayo kan, valiz, tèmos, rad derechanj, chapo, tenis, krèm pou solèy, kostimdeben (yon sèl pyès), sèvyèt ak soulye kawotchou pou dlo. Tanpri sonje, estaf kandete a pa kapab responsab pou objè pèsònèl tankou lajan, aparèy elektwonik, telefòn selilè, elatriye.

### **PWOMNAD AK AKTIVITE**

Jan sa aplikab, refere w ak orè kandete a pou tout enfòmasyon ak aktivite sou pwomnad. Tanpri sonje, tout enfòmasyon sou orè kandete a kapab chanje. Y ap fè Paran/responsab yo konnen chak jou apeprè a kilè elèv yo ap retounen soti nan pwomnad yo, si sa aplikab. Direktè/tris kan apre lekòl la oswa moun li deziye pral genyen yon telefòn selilè toutan sou li nan tout pwomnad yo. Direktè/tris sit kandete a pral bay enfòmasyon konsènan telefòn selilè.

### **RÈGLEMAN POU RANBOUSMAN/KITE PWOGAM NAN**

**FRÈ ENSKRIPSYON:** Pou resevwa yon ranbousman frè enskripsyon nan kandete ak retire pitit ou a nan tout sesyon kandete a, ou dwe fè direktè/tris sit kandete a konnen alekri oswa lè w soumèt yon demann chanjman orè/kite pwogram nan, nan *Eleyo* pa pita 19 me 2025.

**FRÈ KAN:** Pou asire lokal yo kapab planifye yon fason apwopriye pou aktivite ak anlwaye yo, paran/responsab yo dwe fè direktè/tris sit la konnen alekri oswa lè lè w soumèt yon chanjman orè/kite pwogram nan, nan *Eleyo* pa pita 19 me 2025, si yo vle ajoute oswa retire nenpòt semèn nan kan an. Paran/responsab yo responsab pou peye pou tout semèn pitit yo enskri, kelkeswa li te prezan oswa absan. Yo pral bay ranbousman sèlman si demann pou kite pwogram nan fèt alekri pa pita 30 me 2025. Apre 30 me, yo pap fè okenn ranbousman.

Yo PA KAPAB transfere frè kandete yo nan yon lòt kandete.

**Pa gen ranbousman/kredi pou vakans, maladi, kite pwogram nan, pa patisipe nan pwomnad (enkli sa yo akòz yo refize siyen PBSB 0755 Pèmasyon/Otorizasyon pou pwomnad oswa PBSB 2448 Konsantman pou Pèmasyon/Renonsman Responsablite ak Akò San danje pou Minè) oswa ranvwa pou move konpòtman.**

### **MATERYÈL YO ENTÈDI**

Pou elèv yo k ap patisipe nan kan yo kapab gade materyèl G ak PG pandan kandete a, yon paran/responsab dwe ranpli PBSB 1994 (Pèmasyon pou Wè Materyèl ki Entèdi yo) epi li dwe soumèt li bay direktè/tris sit kandete a.

**Pou nenpòt kesyon, tanpri kontakte direktè/tris sit pwogram kandete a.**